

**(Lyen ak Lakay) Inite 5: Lonbraj ak Reflè: Semèn 3**

Chè Fanmi: Nan inite sa a pitit ou pral aprann sou lonbraj ak reflè. Eseye omwen twa nan aktivite amizan sa yo, oswa fè tout! Sa ki pi enpòtan an se jwi tan an avèk pitit ou pandan n ap aprann konnen ki sa k ap fèt nan sal klas la. Tanpri, kolorye kare aktivite sila yo nou chwazi yo epi remèt fòm sa a bay lekòl la lendi pwochen. **AMIZE N!**

Non timoun nan: _____

<p style="text-align: center;"><u>Langaj</u></p> <p>Desine and Rakonte Istwa: (Anrapò ak <i>Dreams</i>)</p> <p>Mande pitit ou an pou l desine e rakonte w yon rèv li te fè. Ekri pawòl li yo sou papyè a epi, si sa posib, jwe wòl yo ansanm.</p> <p>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Rankonte m rèv ou an. ● Se ki jan rèv ou an te fè w santi w? <p>Kèk Mo Nou Kapab Itilize Nan Konvèsasyon An: <i>rèv, imajine, dòmi, istwa</i></p>	<p style="text-align: center;"><u>Alfabetizasyon</u></p> <p>Resita Ansanm: Sa a se yon powèm pitit ou an te aprann lekòl la.</p> <p style="text-align: center;">My Big Balloon</p> <p>I can make a big balloon. Watch me while I blow. Small at first, then bigger, Watch it grow and grow. Do you think it's big enough? Maybe I should stop. For if I blow much longer, My balloon will surely pop!</p>
<p style="text-align: center;"><u>Pale epi Li</u> (20 minit)</p> <p>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Sou ki sa w panse liv sa a pral pale? ● Ki pati w pi renmen nan istwa a? ● Ki premye bagay ki pase nan istwa a? ● Ki sa w panse ki ka rive aprè? ● Ki pèsonaj ou pi renmen? 	<p style="text-align: center;"><u>Matematik</u></p> <p>Jwe Jwèt “Mwen wè ak Ti Je m” Nan Avèk Fòm: Ou menm avèk pitit ou an, fè kèk ti kou ap chèche pou kèk objè ki gen fòm diferan. Di, “Mwen wè ak ti je mwen yon bagay ki genyen...”</p> <p>Sonje:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Yon triyang gen 3 bò dwat, ki konekte ansanm ak 3 ang oswa 3 kwen. ● Yon rektang genyen 4 bò dwat ki konekte ansanm, bò opoze yo egal epi li genyen 4 ang oswa 4 kwen. ● Yon kare se yon rektang espesyal ki genyen 4 bò dwat ki konekte ansanm ki tout gen menm longè ak 4 ang oswa 4 kwen. ● Yon sèk se yon liy ki koube kontinyèlman. <p>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Kòman w fè konnen se te yon _____? ● Ki diferans ki genyen ant yon kare ak yon rektang? Ki sa ki fè yo menm?

Dekouvèt

Lachas Dèyè Lonbraj: (Anrapò ak *Dreams* ak *Kitten's First Full Moon*)

Di pitit ou an nou pral fè lachas dèyè lonbraj (swa deyò oswa anndan kay nou an). Pandan n ap dekouvri lonbraj yo, pran kèk foto sou telefòn nou.

Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:

- Ki sa ki kreye lonbraj sa a?
- Ki kote nou te jwenn plis lonbraj?

Pami mo nou kapab itilize nan konvèsasyon an: *lonbraj, limyè, pi gwo, pi piti, pi long, sous*

Rejis Lekti Yo

Make chak jou ou menm ak pitit ou li yon istwa ansanm. Liv yo kapab ann anglè oswa nan lang natif-natal nou. Vizite bibliyotèk piblik ou a pou gwo liv sou lonbraj ak refleksyon.

Lendi ____ Madi ____ Mèkredi ____ Jedi ____ Vandredi ____ Samdi ____ Dimanch ____

Liv n ape li lekòl la:

Dreams ekriyen: Ezra Jack Keats

Lòt liv ou menm ak pitit ou an kapab jwi ansanm:

Shadows and Reflections ekriyen: Tana Hobin
The Night World ekriyen: Mordicai Gerstein

Kèk Konsèy Pou lè n Ap li Ansanm:

- Chita ansanm nan yon plas trankil epitou ki konfòtab.
- Pandan n ap li, souliye epi defini kèk nouvo vokabilè. Pa egzanp, “Yon **lonbraj** se yon zòn fènwa yon objè kreye lèske l bloke limyè.”
- Pandanke n ap li, poze pitit ou kesyon ki gen pou wè ak liv la. Pa egzanp, “Pou ki sa w panse lonbraj sourit la t ap vin pi gwo pandan l t ap tonbe an?”